Chiziviso pakuvhurwa kwezvikoro munzvimbo yeLower Saxony

Chinyorwa ichi chiri kukuzivisai muchidimbu zvichange zvichiteedzerwa pakuvhurwa kwezvikoro munzvimbo yeLower Saxony. Dandemutande reMigrantenEltenNetzwerk muLower Saxony, riripo kuramba richikupai rudzidziso nekubatsira vapoteri nezviziviso zvinoenderana nezvechikoro muLower Saxony.

Kubva zvavharwa zvikoro mutemo wenyika waona zvakakodzera kuti zvikoro zvivhure zvine hungwaru muLower Saxony. Kubvira musi wa27 Kubvumbi 2020 vadzidzi vari kunyora bvunzo vachatanga kubvumidzwa nezvikoro zvavo kuti vawane nguva yakugadzirira bvunzo dzavo. Izvi zvirikuitira vana vari kuita A´level nevari kuita zvidzidzo zvepamusoro (chidzidzo chechi9 nechechi 13) nevari kuita zvidzidzo zvemakosi. Bvunzo reA´Level richatanga kunyorwa musi wa 11 Chivabvu 2020.

Vamwewo vadzidzi vachatanga kudzoka kuchikoro kutanga musi wa 04 Chivabvu 2020. Vadzidzi vemukirasi imwechete vachaiswa muzvikwata zviiri nepakati kuti mutemo wekuti vanhu vasabatane utevedzerwe (1,5 m). Izvi zvinoreva kuti mwana wega wega achadzidza chidimu chenguva.

Ichi ndicho chiratidzo chekuti vana vachadzoka sei kuchikoro:

- Kutanga 4 Chivabvu, Grade 4
- Kutanga 12 Chivabvu, Grade 12
- Kutanga 18 Chivabvu, Grade 3, 9, 10 (ava havasi kunyora bvunzo)
- Kutanga 25 Chivabvu, Grade 2, 7, 8, ne11
- Kutanga 1 Chikumi, Grade 1, 5 ne 6

Kutanga musi wa 22 Kubvumbi 2020 vana vanenge vasati vadzokera kuchikoro vachadzidzira kumba. Vadzidzisi vavo vachavatumira basa rekuita paE-mail kana kuti ari matsamba kudzimba dzavo.

Mwana wese anosungirwa nemutemo kuti aende kuchikoro kusara kwaavo vanenge vari mudzimba nevamwe varikurwara neCovid-19. Vana ivavo vachatumirwa basa ravo vari kumba.

Nyaya dzimwe dzakawanda dzinowanika paNiedersächsisches Kultusministerium

https://www.mk.niedersachsen.de/startseite/aktuelles/presseinformationen/schrittweisewiedereroffnung-der-schulen-notbetreuung-in-kitas-wird-ausgeweitet-187510.html

(source: Niedersächsisches Kultusministerium and HAZ; as of April 17, 2020)